



Konsèy pou Paran/Gadyen Aprè Siklòn Irma

Kisa paran/gadyen ka fè pou ede?

Kòm yon paran/gadyen fè pitit ou konnen:

- Ou renmen yo.
- Ou ap fè tout sa w kapab pou pran swen yo.
- Li nòmal pou yo santi yo fache.

Sa pou N Fè:

- Pèmèt timoun yo kriye.
- Pèmèt yo eksprime tristès yo.
- Kite timoun pale sou santiman yo.
- Kite yo ekri sou santiman yo.
- Kite yo fè desen sou evènman an oubyen sou santiman yo.
- Si timoun yo gen difikilte pou yo dòmi ba yo plis atansyon, kite yo dòmi ak yon limyè limen, oubyen kite yo dòmi nan chanm ou (pou yon ti moman).
- Eseye kenbe yon woutin nòmal, pa egzanp, li istwa lè yo pral dòmi, manje dine ansanm, gade televizyon, li liv, fè egzèsis, oubyen jwe jwèt ansanm. Si w pa ka kenbe woutin nòmal yo, kreye nouvo woutin ansanm.
- Ede timoun yo santi yo an kontwòl lè sa posib nan kite yo chwazi repa, seleksyone rad, oubyen pran kèk desizyon pou tèt yo.

Sa pou N Pa Fè:

- Atann pou timoun yo brav oubyen solid.
- Fè timoun yo diskite evènman an si yo poko prè.
- Fache si timoun yo montre gwo emosyon.
- Fache si yo kòmanse ap pipi nan kabann, aji mal, oubyen souse dwèt.

*Si w santi w bezwen plis sipò oubyen ou gen kesyon espesifik, silvpuaplè kontakte konseye lekòl pitit ou a.